

# Yon Mesaj Sipèvizè Bosworth



Judi Bosworth  
Supervisor

Gen prèske 50,000 rezidan granmoun nan Vil North Hempstead, kote anpil nan yo prefere rete lakay yo pandan y ap vyeyi.

Pwojè Endepandans (Project Independence, PI) bay anpil sèvis ak opòtinite pou granmoun yo ki pèmèt yo viv nan fason endepandan, pandan y ap rete aktif sosyalman epi viv an sante. Mwen ta renmen ankouraje ou vin yon manm Pwojè Endepandans famiyal nou an!

## Pwojè Endepandans

Pwojè Endepandan se yon pwogram Depatman Sèvis pou Granmoun (Department of Services for the Aging, DOSA) Vil North Hempstead. Misyon Pwojè Endepandans lan se pou ede epi pèmèt rezidan ki genyen 60 an oubyen plis Vil la yo pou rete lakay yo ak nan anviwònman ki familye pou yo pandan y ap vyeyi, si se chwa yo. Inisyativ miltisèvis sa enplike kowòdinasyon ak anpil patnè kominotè.

## Otorite Eli North Hempstead

Judy Bosworth  
Sipèvizè

Viviana L. Russell  
Angelo P. Ferrara  
Lee R. Seeman

Peter J. Zuckerman  
Veronica Lurvey  
Mariann Dalimonte

Manm Konsèy

Wayne Wink, Jr.

Charles Berman

Sekretè Meri

Kolektè Enpo

## Accessing Project Independence:



Pou plis enfòmasyon sou sèvis PI yo, tanpri make 311 oswa (516) 869 6311 depi andeyò Vil la

### Vin yon Fan sou Facebook!

[www.facebook.com/TownofNorthHempstead](http://www.facebook.com/TownofNorthHempstead)

### Senkwonize ak Project Independence avèk ou sou



WCWP (radyo 88.1 oswa WCWP.org) chak vandredi ant 10 è a.m. e midi, pou bon jan enfòmasyon, envite amizan, ak plis toujou.

[www.NorthHempsteadNY.gov](http://www.NorthHempsteadNY.gov)



Vil North Hempstead

# Project Independence

Tout Bagay Nan Plas yo nan  
Kominote W la



Judi Bosworth

Sipèvizè Vil North Hempstead

# VIV AN SEKIRITE EPI NAN FASON ENDEPANDAN NAN KOMINOTE W LA AVÈK PROJECT INDEPENDENCE

## Sosyal ak Lwazi

PI ofri divès komite, ki genyen ladan yo avi rejonan Bilten Enfòmasyon Pioneer, ak Radyo. PI ofri tou klas egzèsis ak divès gwoup sosyal, e li ka konekte granmoun yo ak pwogram lwazi lokal yo.



## Sèvis Travay Sosyal

PI ofri konsèy ak sipò gwoup pou Ansyen militè yo, sila k ap fè fas ak pèt, maladi kwonik, oubyen strès; evalyasyon adomisil / rekòmandasyon pou jesyon dosye, ak edikasyon kominotè, ki enkli pwogram Sèk Soutyen.



## Transpò

PI gen kontra ak konpayi taksi lokal yo pou bay trajè ak rabè pou ale nan randevou medikal yo ak transpò gratis pou achte manje nan tout Vil la.



## Antretyen Kay

Pwogram sèvis brikolaj PI yo ofri sèvis antretyen planche lejè, netwayaj fenèt ak goutyè, ranplasman anpoul / batri, depasman objè ki lou, travay jadinaj, ak sijesyon pou ilantelyore aksesiblite.

## Sèvis Enfimye

PI ofri depistaj sante ki fèt pa enfimye otorize, ansanm ak enfòmasyon sou jesyon medikaman, ak edikasyon sou sante.



## Edikasyon

### EDUCATIONAL

Pwogram edikasyon kominotè regilye yo disponib nan divès kote nan Vil la. Si jè yo genyen ladan yo nitrisyon, dwa granmoun yo, planifikasyon finansye, ak plis toujou.

## Ansyen Militè

Chaje Dosye Ansyen Militè PI yo ka ede tout ansyen militè nan Vil la ki gen yon kantite pwoblèm, ki enkli èd pou jwenn aksè ak benefis epi konekte ak divès kalite sèvis.

## Lòt Pwogram ak Sèvis PROGRAMS & SERVICES

Soti nan fòmasyon sou konpetans enfòmatak rive nan depistaj kadyak, Pwojè Endepandans kontinye kreye pwogram inovan pou kenbe granmoun nou yo an sante, aktif epi angaje.